

Non _____

Dat _____

Premye Jo

Making Judgments

Translation: Lucky Lindy

Charles Lindbergh te yon pilòt Ameriken. Li te premye pilòt ki fè yon vòl pou travès oseyan Atlantik la san rete. Lindbergh te vin trè koni nan lemond antye pou vwayaj istorik sa a. Yo te rele l “Lone Eagle” ak “Lucky Lindy.” (Lone Eagle la vle di yon èg ki “vwayaje lwen pou kont li epi Lucky Lindy vle di li te yon moun ak anpil chans)

Lindbergh te fèt nan lane 1902 sou yon fèm nan Michigan. Lan jenès li, li te toujou enterese nan vole nan avyon. Evantyèlman, li antre nan lame Etazini epi antrene pou l vini yon pilòt.

Nan 1919, yon pwopriyete otèl ofri \$25,000 pou nenpòt moun ki ka vole san rete sot Nouyòk (New York) ale a Pari (Paris). Uitan aprè, byenke anpil esèy te fèt, pèsòn pa t ka genyen pri a. Lindbergh rasanble lajan pou bay bati yon avyon espesyal. Le 20 Me, 1927, li kite gran vil Nouyòk (New York City) granm maten. Li ateri Pari vè zòn trantwazèd tan pi ta. Plis pase mil moun te parèt pou resevwa li aprè kalite vòl sa a. Yo onore l ak anpil prim ak meday.

Lan 1929, Lindbergh marye ak Anne Morrow. Charles montre Anne kouman pou pilote yon avyon, epi yo toude fè plizyè vwayaj ansanm.

Charles travay pou plizyè konpayi avyon lan bay yo konsèy ak make wout pou lemond antye sou kat. Lindbergh te ekri de liv sou vwayaj istorik li a. Li mouri nan 1974 lan kay li sou Maui, youn nan il Hawaii yo.

Kesyon pou Lucky Lindy:

1. Ki yès nan fraz sa yo ki sipòte jijman Charles Lindbergh te yon ewo?
 - a. Li te pèfòme yon zak ki te pran anpil kouraj ak ladrès.
 - b. Yo te rele l “Lone Eagle” ak Lucky Lindy”.
 - c. Li te ekri de liv sou vwayaj istorik li a.

Non _____

Dat _____

- d. Li ak madanm li fè plizyè vwayaj nan avyon ansanm.
2. Baze sou istwa a, ki mo ki ka sèvi pou fè yon jijman?
 - a. Janti
 - b. Emab
 - c. Fou
 - d. Pèsistan
 3. Poukisa li te pran uit tan pou yon moun te rive genyen pri \$25,000?
 - a. Te genyen enpe pilòt ki te byen antrene
 - b. Sèlman kèk moun ki te konnen afè pri a.
 - c. Kalite vòl sa a difisil e danjere
 - d. Avyon a pa t ko envante
 4. Ki yès nan sa yo pwobableman ki ka enfliyanse jijman yon moun de Charles Lindbergh?
 - a. Li grandi nan Michigan
 - b. Li fè vòl pou travèse Atlantik la pou kont li.
 - c. Li te ekri de liv sou vòl la.
 - d. Li te mouri Hawaii nan 1974.
 5. Baze sou istwa a, ki jijman ki parèt rezonab ?
 - a. Lindbergh pa t dwe vin koni konsa poutèt vòl danjere li te fè a.
 - b. Vòl enpòtn sa a, Lindbergh te fè a te ede fiti vwayaj nan avyon.
 - c. Lindbergh pa t dwe aksepte pri \$25,000.
 - d. Letazini vini yon peyi trè fò aprè vòl Lindbergh la.

Non _____

Dat _____

Dezyèm Jou

Writing Skills Combining Sentences with Pronouns

DIREKSYON: Chwazi pi bon jan pou ekri fraz konbine yo.

1. Jean wè yon pwogram nan televizyon sou bètkay san mèt. Jean te deside ede sove yo.
 - a. Jean wè yon pwogram nan televizyon sou bètkay san mèt epi yo te deside ede sove yo.
 - b. Jean wè yon pwogram nan televizyon sou bètkay san mèt, epi ou te deside ede sove yo.
 - c. Jean wè yon pwogram nan televizyon sou bètkay san mèt, epi li deside ede sove yo.
 - d. Jean wè yon pwogram nan televizyon sou bètkay san mèt, epi Jean deside ede sove yo.

2. Ewo yo kapab granmoun. Ewo yo pa oblije granmoun.
 - a. Ewo yo kapab granmoun, men yo pa oblije granmoun.
 - b. Ewo yo kapab granmoun ewo yo pa oblije granmoun.
 - c. Ewo yo kapab granmoun, nou pa oblije granmoun.
 - d. Ewo yo kapab granmoun, ou pa oblije granmoun.

Non _____

Dat _____

Information and Study Skills - Collecting Data: Tables and Charts

Kolekte Enfòmasyon: Tab ak Kat

Sèvi ak tab anba a pou reponn. Ranpli sèk aktote pi bon repons yo.

Pol Opinyon: Ki sa ki fè yon Ewo?	
Kalite	Egzanp Kalite yo
Kouraj	Fè bagay ki brav, fè fas ak laperèz
Onèt	Di la verite
Konfidans	Asire li fè tout sa li genyen pou l fè; kwè nan sa l ap fè
Pa Egoyis	Panse de lòt moun an premye

1. Kisa tab sa a montre?
 - a. Kalite yon lidè
 - b. Kalite yon bon opinyon
 - c. Kalite yon ewo
 - d. Kalite yon bon espò

2. Ki kalite ki genyen pou wè ak yon moun ki brav?
 - a. Onèt
 - b. Kouraj
 - c. Pa egoyis
 - d. Konfidans

Non _____

Dat _____

3. Grann di Kalo vin pran bonbon. Kalo mande si li kapab pran bonbon pou ti frè li tou.

- a. Kalo montre kouraj
- b. Grann montre konfidans
- c. Kalo montre li pa egoyis
- d. Grann montre li onèt

4. Kisa ki yon egzanj konfidans?

- a. Kwè nan aksyon ou
- b. Ap di verite
- c. Ap panse de lòt moun
- d. Ap aji brav

5. Sou ki enfòmasyon tab sa a baze?

- a. Materyèl enprime
- b. Pol opinyon
- c. Ensiklopidya
- d. Yon antrevi

Non _____

Dat _____

Twazyèm Jou

Topi, Main Idea, and Supporting Details

Li istwa a. Li chak kesyon epi nwasi ti sèk akote pi bon repons yo.

Earth’s sleeping Dragons

Nan Jen 1991, youn nan “Dragon Dòm” tè a leve ak yon kokenn eksplozyon pousyè ak gaz ak wòch. Vòlkan Mòn Pinatubo nan Philippine yo ekalte aprè li te ap repoze dousman 600 ane. Tout vilaj yo ak fèm yo te detwi, epi plis pase 100 moun pèdi lavi yo.

Vòlkan tire fòs you nan fon tè a, kote chalè fonn wòch. Wòch likid cho sa yo, monte pase nan fant wòch ki solid yo epi fòme plizyè kouch sou tè yo. Gaz nan magma fòme boul gaz. Boul gaz sa yo kreye presyon ki konn lakòz magma pete sòti nan sifas tè a. Kèk vòlkan eklate ak vyolans , gen lòt ki fòme rivyè lava ki koule desann arebò vòlkan an.

Genyen plizyè zouti ki ka lèse moun konnen ki lè yon vòlkan ka eklate. Syantis yo sèvi ak enstriman sa yo pou mezire chanjman nan vòlkan yo. Gen kèk lòt enstriman ki montre gaz ki parèt anvan eklatman yon vòlkan. Epi gen lòt enstriman tou ki mezire chanjman nan fòm vòlkan yo; ki rokòde tranbleman tè ki rive lè magma a lan mouvman nan vòlkan an; Anplis, foto satelit kapab bay anons chanjman aktivite nan vòlkan yo.

Syantis te kapab predi lè Mòn Pinatubo te pral eklate. Malgre yon santèn moun te mouri, anpil vi te sove tou akòz yo te resevwa anons eklatman alavans.

Non _____

Dat _____

1. Ki sijè istwa sa a?
 - a. Vòlkan
 - b. Dezas
 - c. Mòn Pinatubo
 - d. Syantis vòlkan

2. Ki detay ki sipòte ide vòlkan kapab danjere?
 - a. “Dragon Dòm” leve ak yon gwo eksplozyon
 - b. Santèn moun pèdi lavi yo nan eklatman Mòn Pinatubo
 - c. Mòn Pinatubo te rete dousman pou 600 ane.
 - d. Syantis yo ka predi kèk eklatman.

3. Ki detay ki sipòte volkan yo ka eklate nan diferan fason?
 - a. Volkan kòmanse byen fon anba sifas latè a, kote chalè fonn wòch yo.
 - b. Wòch likid monte pase nan fant wòch ki solid sou sifas tè a.
 - c. Kèk eklatman vòlkan vyolan; lòt menm, voye rivyè lava sòti.
 - d. Rivyè lava yo konn koule desan arebò vòlkan an.

4. Ekri ide prensipal nan twazyèm paragraf la.

5. Ekri ide prensipal nan dènye paragraf la.
